- 151a. Hing betal ngugates hamukti, samiya tanging tekang hibadat, wibuh sakwehing panganggo, rasa kanira tan kurang, sagi hanyar kang jagat, saluwiring dadaharan wibuh, hasruh pakehi pamingan.
- 151b. Nabi Noh halintang hadil, dana darmah lambara, sakehing wanak kahume, dadi sanget kula warga, hangoca manah hira, Widi hasih mari Nabi Noh, hana hanak kang srik manahniya.
152. Ya hamangke lami-lami, haramo punang nagara, wong ngira pon hakeh mangko, hing masrik magrib kang hika, sami kasih kang jaman, sato mina lawan manuk, tan warnanen kekayoniya.

153. Hasih satumbuh hing bumi, lewih hembuhe hing kuna, sakweh hing mahluk ta reko, samiya mintuhu hing sira, yen Nabi Noh kang mur satiya, wutusan nira Hyang Ngagung, dadi kalimah hing duniya.
154. Yata winarna ken malih, putra Nabi Noh keng lanang, hana sipi baus rupane, hikang ngaran Sam sira, mangke sampun diwasa, putra mapan Sampun, jalu medal kang hatmaja.
155. Pemulunira dilewih, pan kadi sasih purnama, kamargan nurbuat kaot, wusing ngaran harpaksanta, budinya halus halemarta, tansah pinareking kaum, hing ngapa paksa para nira.
156. Warnanen Nabi Noh malih, hing mangke sampun nawa bedah, humur sim tahun mangko, sune hana ring duniya, wus sedekeng hajal hira, yata sakweh hanak putu, mwah sabat kaum hira.
157. Kang tampek hadoh wus prapti, hangunjungi haneneda, pitutur heimu kaot kang sidik maring Hyang Suksma, Nabi Noh hangandika, Sakwehe pade den wanut hangujungi mara ring Hyang.
158. Lana kweh kang durung prapti, gede cili histri lanang, lan kang durung hana reko, meneh hana luhura, hing sapa wekasing Ngiyang, pada tenjoken hatuhu. hiku dadi rukun himan.
159. Dan sakweh hiku warti, kang Seba matur handika, hinggih tuturen dan kabeh, kaula samiya miharsa, Nabi Noh hangandika, tilingena wirup hipun, lah sira samiya preyatna.
160. Tetepena Hilman neki, haja lali ring Hyang Allah, kang ngamurge dalam kabeh, nisehing duniya heart, kang hasung pati geseng, haweh hala lawan tayu, haniksalawan hang galar.

161. Hiku dena kabateni lan huni lan panggah noha, deniya nirus hingrahina, haja ya tinggal hasalat, ta mwah sang ramla, hameh jekat haja luhung, hasung pitra hira melas.
162. Mara hing wong pikir miskin, lan hanak yatim kang ngesah, luwih kang mu'min kang saleh, lan haran pira sedekah, maring wong ngali muhap, tegesing muhap kang linut, wong hana ngandeling sarira
163. Kewala hakeh hugi, hangendeling ngawak hira, dume h hageng dosa reki, hanging kang hanrebe hawak, dahat hamrih hing duniya, hawake huga den gugung, dume h bisa baca kitab.
164. Husul hasal den kawruhi, hewuh hangebeking dunya, hanging habot sembah Hyang, yen hana wong hasidekan hage denira hasembah Hyang, supat hateda dalih guru, tur de sung ngiren paran.
165. Lan yen hapanggih Ian mantri, hatawa hing raja-raja, mara hasembah Hyang hage, supaya tandenen denan, lan dera walihngat, hasembah Hyang limang waktu, hawake den hasung sedekah.
166. Wong hiku karena rahi, sembah Hyange hambarawa, hingulan puasa mene, sadina hakalih dina, hangakoni puwasa, tigang dina suwe nipun, nulih lepas puwasaniya.
167. Pan wus genep telu neki, wusane kala-kala, yen narepaning wong ngakeh, hiku deniyage puwasa, mene yen dalem wisma, hika samangan hanginum, pan nora nana wong wikan.
168. Yen metu hing wasmaneki, den musapi congkem hira, duh meh ngasuci rupane, lwir rupane wong puwasa, tinon dening wong katah, wong kayeku, tingkah hipun, hiku kapir mudallah.
169. Selami pun gineda nasi, wong ngiku kang lewih murtat, dadi gegedegiya manon, batal yen sinung sidekah, pan dadi siya, wong ngasu sidekah hiku, pan lewih lagi dosaniya.

170. Den kawruh tingkah neki, kayeku karana duni ya, tan karena lahing mene, paran denne sung sidekah, hiku marganing dosa, yen menara wong ngalim tuhu, pened hira hasedekah.
171. Hiku kaki den pakilingi den teguh wawekasing wang, hing tembe malah den tembe, lali samapta sajemwan, wenten Nabi tumekah, rasulullah hing Hyang Ngagung, parabe Nabi Muhammad.
172. Hiku Nabi kang linuwih, saking Nabi katah hika, pakutubi Nabi kabeh, kang mursalinung mujidi, hamawa kudrating Hyang, guru nira lewih hayu, pan kadi sasih purnama.
173. Lampah handika gemeti, lawenna pasumuh mahinah, kitab hanutung kaloka, kang pinasti haran Quran, sarining kitab katah kang satus, papat keh hipun, pan sarineki kitab Quran.
174. Hinurunan den Hyang Widi, sanrahing Nabi Muhammad, lan swargane raka kabeh, kalawan hisine pisan, Nabi Noh hika, wus pinalasta, punika nak putu, pan ikusampun tumut wong dahat.
175. Dangdang gula tembang neki, kang kocapwong duk sadaya, wong sama Nabi Noh, mangke hurip lampus, katulembang king sama bumi, hanabda jamlah, Hana bandining hingsun, katiba hing bumi katemah, lan kamotas, deni kapal tukang nguni, sato Nabi Noh Nullah.
176. Mung sajodo wong kari hurip, hikang mati, ponan kadamepa katah, tumiba hing pulo Lombok, kang ngujur prenatal hipun, tanggun bayan namaneki, wus lepara ta kang samudra, majit wong ngiku, kang gawe humah hing kana, lan ngulati, pamangana lan wargi, yata hamanggiha toya.
177. Hing holor wetan hingus nrah denig Hyang Suksma, mering Nabi Muhammad Rassul sakayun hika hangrek, wus dinulur deniya yang Widi, hiku Allah henget kuna, warahe luhung hayu taken, cana gawa ri gagra, tembe yen

- wus hatinda, Nabi hika Sang Hyangagung, Muhammad Rasulullah.
178. Hiku lah pada marani, tinuwus pari polahe, pan kabeh kayun ni Hyang, nur nrah hing Nabi Rasul, Muhammad Rasulullah.
 179. Kiku hitaping nasami, hangwana samarana, pitutur nabi kabeh, mengapa hiku denaku wang, laki, tinggalna kabeh hiku.
 180. Tutur..... , nalika samapunawa sapat, mantukki rahmat, (tak terbaca).
 181. Ulah tingkah reki, Lekong Borok, namaning patirtan, kalintang ngani sarape, mulih samiya hanginum, lintang mreta rasaning hati, nuliya dusa doniya, sawusira hadus, sama sanggrahi heng nala, hangulati panganan depuh, yata mantuking wisma.
 182. Sampun dalu presamiya huli, wus rahina malih pada lunga, ngutipepanganane, sing ketemu dernipun, pan den nalap nulih den bukti, pan hipun lalu ngubada, pan weruh game hukum, tan huning ngeng game, alal hamberawe, si ciptaning pun den bukti, tan wruh hambaju wastra.
 183. Lami-lami wong hikating rili, wus mibah, sireng hanggun Bayan, pan hakeh hanak putune, sampun turun-binurun, sampun katah wong hiku mentik, bapuluh hatas warsa, wonge sayan werah, bapuluh baratus homah, yate ngrasa hasesek dana hing riki kiranggon ngalih panganan.
 184. Dan tumedun hangaraya negari, samiya gingsir hemahe ring kana, wusing aran Desa Laeq, halu pirahing riku, sayan katah wong ira dadi, naratu hiwu mwah, laki jaman hiku, wonge lagi durung bisa, mangan syah yen rungusia ning paksi, kumitik tontong suwita.
 185. Sami heran wong amiarseki, yata nulih sima den pariksa, paksi malaya hage, hasingidan sira sruh, sireng tapa samanahniya singid, kapas iku den kebat, kinwa ya

kasebun, pan saban dina hirika, pwarah hipun, paksi punika hasangid, tinon dening manusiya.

186. Sami heran kang wong haninggali, yata dan nintip, hayun de sikepa, paksi malaywa hage, paksi hanyocok hasruh, wong hing pari kang, depun bukti, tinon tinuting janma, rawuh hanginda gung, kekayonni ya samiya rebah, kang saweneh, kapilu krawang ngiraki, dadi ya patomunwat.
187. Kabaranang punang halas hiki, paksi hiku, singid hing kisma, tinon den ning janma kabeh, sami heran handulu, hegar manah sakeh hing janmi, hanut tingkah hing paksiyah, mapaan sami wruh, pariku henak den hapangan, den tembuki, hisine winor lan wari, bumi den karya wadah.
188. Den debongi landepi hanginggil, tana suwe, wus rateng dennage, sanduk den karya kayu, den tongtong sing datan, hasari, den kurubut dennapangan hantiyan wareg hipun, winoran kalawan huyah, mwah hasem, who kayu kalawan wari, sayan wuwuh bangkitniya.
189. Hamar haken ning sari aneki, wus ingaran, hiku nasi jangan, yata lami-lami mangke, rawuh yujana ribut, siyang dalu sami hadingin, gumetar sariraniya, waneh nulih lampus, nulih presamiya ngerasa, hannuhuti, tingkah hing paksi ring nguni, hasalimuting kapas.
190. Saterang hikang ngujar tarik, Pada lunga, hanguti kapas, Duk tapuniku ta reke, kapasipun karuhun, lagi wah benang reke hing nguni, hakembang puyun sahat, hakeh hika temu, tumulih hikda den nalap, tedeng wide, den nulap den pagemeti, dadi kang saput hira.
191. Kang saweneh den gawe kulambi, sami heca suka manah hira, durneh ta salimute, lami-lami kayiku, wonge wus drume tapih, sinjang selimut wastra, nalika kawuwus, tikus kucing nan kalabang, ducing nguni binuruwe den ring kucing, saparane malayu.
192. Hanging dan maksih den penukih, kucing hiku, pan nayun memangsa, hiku kalintang tuyaha, hakucing nokat

sampun, dan matibing wismaning jadmi, wonge sah jadowang, ninggeh lagia turu, nulih den lebeting likas, leng prajine, dening tikus hiku hagelis, kalabang depun paksa.

193. Palayune naenggah datan hasari hasangidan, bupurusing janma, nuliya kagiyat kang ngaduwe, yata kucing malayu, janma hika hagelis hanarik, tikus lawan halabalang, nalika wong hika, bisa hanutuping luwang, wong kang ngadon, hatapih hasingjang mangkin, kang janma kampuh wastra.
194. Kawarneha wong puniku sami samiya tetanduran, kapas kalawaning pare, hinglebang genniya nandur, wong kabeh wus rupa janmi, beda lan sato hewan, nalika wus limbuh, hing Desa haratah, hora kurang, pangangge kalawan bukti, panghina hawal jaman.
195. Neng ngakena Desa Lae' mangkin, wenten malih, ngentining carita, wong bumi Arab gentina, wenten desa hagung, hing tepining duniya ngenek, haran desa Taman, wonge sami tinut, ring setan ning belis la'nat, pan kalekang, seher hawubatan sami, ngangelak ngawang-ngawang.
196. Kang sawenah murdan hipun hugi, malaketuk, bisa ngawang-ngawang, hangamah-ngamah hing wangke, lawan samalih hipun, badan huga lumaku gipih, weneh tangan kewala, mamang pambayu, weneh hatamane kewala, kadi hangin, hangleboni sato janmi, hangamah dadi setan.
197. Wong punika samiya ngaduh cetik, mwah racun, lan hupas baruwang, samiya handesti gawene, hasangat ilmu nipun, paningale nerusing bumi, wahu kayu kahebag, sate janma terus, den tingali hatinira, sakelangkung, wong ngurip nyata den bakti, den hinun getih hira.
198. Tana ngereh hangington bebahi, miwah rebek, gagenduh lan rinjang, bebak lawan deras, lan laran hanju nipun, hanging mangke lamon mati, limang ngatus tahun, lagi

durung ngancur, nora rusak wenata gesang, pan waluyu,
hawake kadi wong ngurip hanging bacin kewala.

199. Den wadahi wuga lawan peti sakatahi, wuga tan
hangraksa, hibune hamuntap kabeh, dadi hapi hamurub,
hiku damar hira hing wengi, wong nging desa halsaman,
lewi sakti nipun, yen narepa lungayun, den kibati,
lambung dadi tilar neki, nulih mamubur gaganana.
200. Sing desa parek wus den parani, mangke telas,
sebandingin desa mangke, saking kudrat Hyang Ngagung,
wenten genti carita malih, nenggih weten satriya, hutama
di luhur, bagus hanca turdigjaya, hadil sakti, hanut satitah
Hyang Widi, kang misesa hing ngalam.
201. Prenah hipun Jirunstadu neki, namanipun nenggih desa
Mekah, kang anduwe nyahwiyase, Nabi Brahim misuhur,
putranira Abdulmutalib, peremenah paman denira,
Muhammaddirasul, hiku haran Amir Amsiyah, wus
hangrengu yen hana desa kang sakti, hadohe rantal
paman.
202. Dan kumedu hadoring lati, wedanane, muntap lwir
pawake, karta tumeretes, hangrenga tutur wahu, hagelis
hake danuh Singing hanglurugi Talpaman, sakuweh ratu
rawuh, matur sarwya kidemat, Duh punapi kayun Amiril
Mukminin, dumeh nabuh hanglarat.
203. Baginda Amsiyah hangandika haris, Lah sakehe kula
petalaning Hyang, payu ta lunga hing mangke, hangendon
yuda campuh, wong Talpaman kang sun luru lurugi,
deniya paksa mrengangah, hangereta mahluk, kawula nira
Hyang Suksma, wong punika, babendon nira Hyang
Suksma.
204. Hatur rira makwehing Bupati hinggih nuhun, hangiring
kawula, Baginda Amsiyah tanpa suwe, saprabote
den rangsuk, dan mangkat datan basari, hingiring dening
bala, lwir gunung gumuruh, guluduk bala lumampah,
tan kocapa, hing marga paminggir prapti, maring bumi
Talpaman.

205. Wong Talpaman sampun huldani, yen wong Mekah, teka hangluruga, ya hing suka kabeh, rawuh buktine wibuh, yata pada nggawe paranti, ngobat kang den napen dimahing dadalan hagung, sapanjang tunnekeng desa, den kasynem, badang dadi marcu neki, lawan sosoro ngobat
206. Kang saweneh ngawang nginggil, mbakta watu, wesi lan malela, hang gutuki bala kabeh, lan babahin nggenduh, rebek winjang dangkong mamedu, sami hangagem lemah, hangadang hangambur, wong Ngarap lumampaah wuga, tan den gugu babedan kang ngangrancani, wus tumekang Talpaman.
207. Ya mercu cocorot den basmi, murub wuntap, hapi saking bumiya, wong Ngarap, kabakar hakeh, tan petungan lang lampus, mantuk maring rahmat Hyang Widi, mati perang sabil, baginda Amsiyah bendu, kroda sira Umar Maya, hamalesa, sosorot lawan bedil, hangamuk ngabit hobat
208. Baginda Amsiyah handesek negeri, hamukuli, yata hing talamen, wus rata dadiyawu kabeh, Umarmadi Lamdahur, miyang Gulangge Jibul Beredangin, tista lan miyang singkalan, Taptanus Santanus, orang Kaorang Lan Maktal, miwah kadi, hanak putu sira Amir, sareng melebeng desa.
209. Hangukih wong talumen hanjing, burek rakan, jalu histeri pejah, datan pitungan ke mangke, bebahi lan gagenduk, dangkong rinjang rebek mamedu, mati malayia telas, baginda Amir hasruh, hangamuk hangadu wadiya, wus tumekah, karaton ratune mati, bataraning Talpaman.
210. Wong Talpaman siji datan kari, sisan nikang, mati malaywa, maring ngawang-ngawang kabeh, sira wong mati hiku, maleketug mring wiyati, dadi laweyan galak, lawan kala-kala rawu, badana dadi tal sulgak, tangan-tangan, dares lan baluk iblis, mesat mring ngawang-ngawang.
211. Saking preman nira Sang Hyang Widi, putranira, sultan Amir Amsiyah, putri Kuresin parabe, banyak rawati gunung, hangambara sawadiya sami, maring desa

Talpaman, hambantoni guru, sarang lawan Umar Maya, hangamuki, hing ngawang-ngawang setan belis, kala rawu lawayan.

212. Pangubatan dares lan memedi, lan babeluk, sami telas rusakan, runtuh gumuruh kang wangke, hana lepas melayu, maring ngadohangung si hurip, kanging darat mangkana, siji nora kentun, sisaring mati malaywa, dan humedun Umar Maya lan Kuresin, mareki baginda Amsiyah.
213. Ngunjungi ngaras pada sami hing sukune, hamiril mu'mina, baginda Amsiyah napa hage, sukurlah hanakingsun haji, mini rawuh nulungi haji, yata sami mindura, hing payudan pipun, maring karaton Talpaman, ya mariksa, ratune sajroning peti, mati kadi wong gesang
214. Yata Amir Amsiyah haningali, hana surat, sajroning tabla, ratu punika lamine, wus limang ngatus tahun, suwe nipun kang ngemasi, lagi kaya wong geseng, nora dalanipun, nyawane metu hibadah. samangkana wurine suhneng peti, heran sakwehe huninggal.
215. Hangandika Amid Mu'rin, taken sira, hakariya pawaka, hangobongi saka lwire, wus dadi hapi murub, nuluh mangke hiku den basmi, lawan humahe pisan, lan getih wong lampus, hing desa kadi samudra, depan gunung, hurubi mun kadi wukir, sareng wisma kabakar.
216. Sang gesenge dadi hawu teki, sakilire hira satalpaman, suh hilang setane, Baginda Amsiyah hing riku, hasuka lara wadiya sami, sareng pula Jabekap, nuliya hamit mantuk, sang putri wus hangumbara, Amir Haji, mundura saking iriki, mantuking desa Mekah.
217. Kawarneha wong Talpaman malih, sisanikang mati malayuwa, hing bumi kang ngadoh hadoh, hanging kang luyuh tatu, tanna edoh pelayuneki, wus rawuh mring daratan, hatepeki riku, kang sami wasagandang, kutulembak, maring sakweh para bumi, kidul kulon ler weran.

218. Hadukepi sakweh parabu mati, kang magrib siang tiba, tan huning sakabehe, kang winuwusi kidung, hongubatan rinjang memedi, rebek dangkong kabilat, bebahi gagenduk, kang tumiba hing daratan, pulo Lombok, tan pitungan katah neki, Desa Lae'de bejajah.
- 219 Sami tebantu tumibeng negari, malebeteng humah sawong-sowang, hanjurak papa ngarane, pan lintang luwe nipun, sing katemu teke den bukti, sakuweh wong desa hika, gupuh pada ngamuk, hamukul weneh hanumbak, hanjarah, handupak jana habanting, katah huga kang pejah.
220. Tan den wulih denepun babelis, sayan hakeh, belis laknat kang teka, hangebeki Desa Lae', wonge gagentun gupuh, tan rireyan nipun ngelawan, wonge sani sasaran, saweneh den rubut, den sikep bedil lan panat yan rine Mekah, wong desa Lae ngalawani ye sami malayuwa.
221. Ye sasaran pada ngungsi hurip, himat dening memiwukahan, dalan siji palayune, hana ngungsi hing kidul, hing Pangantap Langko Pajanggi', hana ngilor paraniya, tibang loring gunung, ring Sako Tebango Bayan, kang sapalih, kumpul dadi hanglawani, haperang lawan dubatan.
222. Kewala wus medaling nagari, desa Lae' punika dan tinggal, sami tumedun wong ngaken hapindah saking riku, malih pada ngawe nagari sireng bumi Pamatan, hakumpul hing riku, hanggawe kuta balumbang, wus samapta, lalarenpo pada nginggil, wus kukuh kang nagara.
223. Wus ya karya humah halang dadi, lan papalen, raranggon pasebon, wus lajur lurunge, harames desa hagung, kebun hasrih ngidu nagari, tetanduran samapta, pisang gedang tebu, saruh jambe lan jalima, gedang ngental, kalapa heran kasambi tinggulun ladri dara.
224. Dahat dadi tetanduran nasrih, tura dadi sahisirang lenga, pari jagung lan buleleng, handadi kapas sipun, kacanggu de kakara hundis, timun guling sumangka,

gedeng pada wibuh, mwanng hisining lautan, lantang ngiri, penyus kaluyu kapiting, kima gamet garanggang.

225. Sahisining ngalas wana halas wukti, hing kang kebo, manjangan murah, celeng landak lawan rase, paksi krata sindu, sugen kukur titiran kredit, botong limbukan katah, lanninan manuk, bebek dara lawan bangsa, kadi malih, kebo jaran hasu kambing, saking papuka sadaya.
226. Kawarneha hing wong jro nagari, hing pamatan, sami mukti suka, datan nana kurangane, wong dagang sami rawuh, lan wong bajo hakeh, kang prapti, salwir watangan hana, ta hilimbah hipun, wong pamatan sajro katah, meh salaksa, pada sare kumalipit, ing gunung hitampiran.
227. Wong pamatan pada bunekati, pada ngaras, deniya kakurangan, handuwe panuwane, nora nana den pangku, yata rawuh hing gunen sami, wong kumpul sadaya, hana wongnge muwus, Lah payu gawe panutan, lana panuwa, hamerentah kitapa sami, samir hipun sadaya.
228. Lah habener wuwus hiku singih, sapa wonge kita kena ya raja, Yata sami milih kabeh, wong patuh lambah hipun, lan kabener wuwuse manis, tetep hinger kang sabar wenten wong sapungguh, ya sadara lanang sapta, kang nguruju, lagiya non bagus patitis, budiniya lus hasabar.
229. Terah hipun putra ndika Nabi, henoh histeri, henoh rupa manusiya, malekat sang waruse wong kabeh pada mwah, lintang ngabet wong ngiku singgih, haladang ta gelema, hamencar tan payun, hamburu nora harsa, hamet rawi, mikul datan napti, nunggu humah doyaniya.
230. Ya huga pepantese dadi, ngeraksa si sadesa, dadi raja-raja, wong ngakeh panuju kabeh, nulih hanggawe hasruh, sekul hulan kalawan daging, dan dateng bi sadaya, mwanng beras lan kayu, den kuning lan kunyit mwah, lanji nampi, de tuwa sami, nulih den sebarena.
231. Mering wong ngiku kang jine nngaji, sarwija betemtem, hasrah hing pangucap, lah sidi mandi wujare, sing ciptane

den tinut, dening garwa kadange sami, lan menawi yen nana, warganira besul, karepe Hyang, ngrusak sira, satata patut, denira marentah benjing, wong ngiku keneng tulah.

232. Tan anemu rahayu becik, tulah manuh, tumpur hamelarat, tekeng putu buyute, yata sami den hancur, kang wong hakeh, dening beras kuning, sarwi sami den pajar, tingkahing mamangku, hajara kang sambarana, saparane, rejeku den pengiring, sing kayune tumuta.
233. Sawur paksi wong puniku sami, Hinggih patut, manira narima, hing pajare hiku kabah, Sampun sami rahayu, nuliya miyes haken sangaji, kebek sireng paseban, wibuh mangan nginum, sami heca suka cipta, rame rumuwa, hanjeneng mamangku haglis, minangka juru pajar.
234. Wus ya wareg mangan nginum, danasiyasa, mamangku ling ngira, Lah benjang hanggawe bale, habagus kukuh hagung, dadi gerianira sang ngaji, lan jengokan hapisan, dadi wates sipun, wong pundi kang ngayun seba, lawan keru, hagung dera karya benjing, tande karaton raja.
235. Hamit singgih wonge pada mulih, tan kawama, wengi kocap henjang, wong sami rawuh sakabeh, mbakta lakar lawan duk kang samalih mbakta panjangkin, weneh mbakta hambengan, wus ya karya sampun, tana sari nuliya dadi, wus singatur, sang nata maring jero puri, mantuki geriya pisan.
236. Yata rawuh sakehe wong ngistri, hangaturi, galeng lan kalasa, miwah kasur tilem lante, ginemelang sekalambu, wus samapta lawan, panggungsi, sarwa wonge teka, mbakta saji sekul, lan hulam nunggeng rampadan, miwah kendi, wangku bokor hisi wari, hayunan Sri Narendra.
237. Kang sawedeh hasarawuh malih, hangaturi, wohwohan lan sedah, lan jaja tekeng wadahe, lan malih hana rawuh, hangaturi kamben kulambi, sabuk nupalen wasta, tekeng peti nipun, hana pawaran teka, hangaturi, baboreh lawan rarecik, tekeng wadah niya pisan.

238. Hana malih wong lanang ngaturi, raja brana, tekeeng peti kotak, keris hapendok masarunge, tumbak maselut hipun, pedang kalawan bedil, hana ngaturi kuda, lan kekapa nipun, samalih ngaturi hemas, lawan ringgit, hana hangaturi picis, hana ngaturi gamelan.
239. Dan tinambah gamelanniyahasrih, lan serame, redep lan bilola, tan sipi-sipi ramene, hana hamungkur tambur, hana surak sareng lan beri, harame hing nagara, pamatan wus kasub, rame mukti pala marta, sakeh wonge, pada suka bungah sugih, wenara kurang kiciwa.
240. Dan mamangku pamatan gring ngati, hangaturi, putri hatmajaniya, tan sipi hayu rupane, lan sapakakas hipun, hakaning wong dadi jaraji, hana
241. Lan hangamet mong lanang lagiya halit, petang dasa, kang dimarekan, ngiring ratu saparane, mbakta sedah laung, hanuntuna kuda sangaji, lan hangamet wong bajang hangemit sang Prabu, hasikep bedil tumbak, dadi luput pedang kalawan parisi, wus kerta kang negara.
242. Dan Sang nata wus tarima kasih, mering mamangku, lah sandika paman, buncingana hingsun nage, mamangku sembah matur, lah sandika Tuwan kang benjing, hamba hanikah Tuwan, nuliya pamit metu, hasiyare kadang kadiya, lah hadanga, benjing hanikah sangaji, lah dadi sekul hulam.
243. Dan mangku handiya sang baris, bedil tumbak, baris lan gamelan, gong beri tinambah hage, surak humiyang gumuruh, papajangan sampun sumaji, hangidarraning tandak, siyang tekeng dalu, hangadu regeng lan wayang, pan gumuruh, wong nonomingiya teki, supenuh hing pamatan.
244. Sampun ngenes, dalu nulih benjing, wusiya nampah, kebo sampi jaran, hayam wedus bebek, maka lelawuh hipun, sahi nimbuh roning bumi, lan nisining sagara, mendan haneng ngenjung, den rateng haken sakune, miyang kang kadi sekul sesanganan sami, wowohan wus samapta.

245. Dan mangku mantuking jero puri, wu mareka, dateng Sri Narendra, medek hanembah hature, hinggi neda pukulun, hendika mijil sangke hing puri, medal hagiya paseban, hambadus Tuwanku, sareng lan rahi handika, hangandika, sang Nata Kairing, hanulih sareng medal.
246. Ya hamiyos raja lanang histri, wus sami napak, dening bedil tumbak, gong beri tinambuh hage, tandak ronggeng lan tambur, tinimbangan surak lan bedil, kadi hombok segara, bedil halun-halun, tan sipi ramening kena ya, pan papdih, sagara banyune putih, deniya masuh kang bras.
247. Lawase bang sagara sapalih deniya masuh, getih sato hewan, bajo dagang rawuh, hakeh, kumpuling ngorong lamun, pada mantuk ngatur haturi, maring ratu pamatan, tan koninga hiku, mamangku matura nembah, hing Ratu Nata, tumulih tiba ngadusi, Sang Prabu hing panggungan.
248. Den nira dus hing bukur hanginggil, winaraban, dening cinde kembang, kalam kari pradane, pndang gulung-gulung, pinalinga sutra kuning, bukure pinda singa, nunia kang den terus, dening husung Sri Narendra, lan jempana, munggah maring bukur hagelis, hingiring dening bala.
249. Wus ya munggah bukur Sang Ngaji, nulih hage, dera kuramas, dening baliya harena, hana wong kang harapus, hing ngowakan baboreh kuning, sawus sira mangkana, kamiri den sukun, pada apisan lan kawiya, wus mangkana, santiga kang den remuki, sama siji lan garwa.
250. Lawan buluh hika den remuki, dan baliyan, hangeriking lidah, lan kuku ratu karone, hanulih depun sembur, lawan banyu wadah caceni, nulih den siramena, haglis depun sarup, bedil surak lan gamelan, tambur beri, swara lir karungeng langit, lir linuh kang pretala.
251. Wus palasta deniya Sang Ngaji, danhasalin, busana hangraras, panganggo kang lewih kabeh, warnane habrang muruh, tingahe san baboreh kuning, sawus pepep samapta, nulih sama milungguh, baliya nulih, hanjamjam,

den niya hayu, pamanggih hira sang Ngaji, setata handuwe hanak.

252. Wus palastra deniya jam-jam muji, dadi ngusung, Sang Nata tumedak, dening jampana juline, lanang wadon sinikul, maring kadaton suri, hingiring dening bala, surak gong tinambah, bedil tambur gong gamelan, dan tumedak, Sang Nata munggah haguling, hing pamreman ni siyarga.
253. Nengakena polahe Sang Ngaji pulang raras, lawan jodonnira, wong ngabeh wucapen mangke, mara mangan hanginun, lanang wadon mwanng gde cili pada hasukan-sukan, sekul hulam mimbuh, gagutuk lelawuh hendah, nuliya genti, hadahar jawadah sami, lan sawarna wowohan.
254. Nuliya nginum berem harak kanis, mwah tuwak, manis lan sumedah, nginum maring panyuhude, sami hanginum sampun, rame rumu bungah tan sipi, saban dina mangkana, deniya mangan nginum, haseba maring bancingah, pan kaloka, pamatan kuta nagari, wibuh sugih digjaya.
255. Tembang pangkur kang tumandang, sampun lama Sang Prabu jeneng Ngaji, sayan katah wadiyah nipun, bala samiya mingah, lan wong suntara haken pada rawuh, hangawula hing Sang Nate, dening ratu dharma hadil.
256. Yata miyos ring narendra, hingiringing marekan hanom malit, mijiling paseban hagung, hinangkil dening bala, miwah kadang kadiya samiya kumpul, mamangku pan hage prapta, humarekeng Sri Bupati.
257. Hangandika Sri Narendra, ring mamangku miwah wadiyahane sami, heh sami panjaluk hingsun, hing sira sama daya, lagi kurang hadung-kep kang dera tangun, mangke pada hamiliya, kang patut dadi pepatih.
258. Wiwah tumenggung lan demang, harya ngabehi lulurah lan dipati, mwah manca mantri tangun, lan malih wadiya

katah, hana dadi para jaka hana tupun, lewih malih sirakarya, pangulu ngrat sanagari.

259. Sakehing wadiya tur sembah, llah habeta pangandika sangaji, darepon hajabot kesut, yen manggih suka-duka, dan mamangku lebih hormat hamituhu, mungsara huga Sang Nata, dadi pangulu sulinggih.
260. Harine dadiya patiya, hari hiku hangadeg dipatih, harine malih piniku, kang jineng ni Sang Ngarya, hari hiku pantes jumeneng tumenggung, hari hiku dadi bandar, hana dene manca mantri.
261. Lah Patih sakare hira, hing ,Wong ngakeh hanjeneng hiku sami, mantri ponggawa lan demung, miyang nyakra lulurah, miwah paraja mangke lawan-lawan luput kang dadi wuta nagara, yen nana sarbi nagari.
262. Sakehing bala matura, hinggih patut sahujar puniki, yata wus hatekan sampun, lwir kena sang Sri Narendra, wus ya werep Patih lan demang-demung, jaka lan mantri lulurah, ponggawa manca wus dadi.
263. Hing keno wenten bhatar, pan wus tinut kapusing setan belis, sakeh wong keling hamangku, hanut satitah setan, Bhatarane Brahmana kalawan nipun, pandita niyaran garendah, pan dadi hing buda keling.
264. Nalika hiku tumedak, hangumbara mara hing sabrang jawi, hambakta kidung lan puluk, den kawi lan hadnyana, dumeh saking pangolesi ibelis dangu, pandita garendah prata, labuh hing Pulo Batawi.
265. Wong Jawa pan lagi nora, wruh hagama haselam sawan kapi, yata nolih depun mruk, hisaka lawan girndah, saking manis lingira den tula yut, wong Jawa sami tumutta, milu ye game wrat sari.
266. Sawusiya ratah wong Jawa, hanut maring pakon garendah huni, Prabu Majapahit hing ngutus, mara hing putranira, hanguruki wong Bali Sasak wong timur, rawuh hing Banjar Mangkasar, hing Pulo Melaka Yambi.

267. Patpat putra Sri Narendra, hing kang kinon hanguruk para bumi, kantun hamukti hing riku, hanguruk kamarentah, wus wineka saputrane sami Sang Prabu, yata pamit nulia kesah, hangiring harya dipatih.
268. Wus kesah hing maja lengka,..... , para putri sadiyan nipun, putra hikang..... nanguruk, kang made hing bumi Sasak, Sambawa depun huruki.
269. Putrane hing kang nganaman , , , putra kang panengah huga, haumku ting Majapahit.
270. Warnanen wong ngiku same, hikang nganut parentah Majapahit, Banjar wus hanut, Bali Sasak sambawa, sami tumut hanggawe brahala miyu, mwang tapel hapinda dewa, depun puji kabakteni.
271. Putra kang made wus prapta, maring Lombok Pamatan den mruhi, Prabu Pamatan kalungsur, game buda den buwang, wus hangiring game wrat sari den pangku, reh hangiring game wrat sari den pangku, reh pakon Sultaning Jawa, Majapahit kang den tindih.
272. Putra hing Jawa pon genah, sireng pangmang des Pamatan sun linggih, kang haneng Bali pan kantun, hing kalunggung pan muktiya, putra hing Sambawa Bugis Banjar kantun, samiya mukti swang-swang, hatata hing mangsa hiki.
273. Nalika hing mangsa hika, Sang Hyang Suksma murka hing mahluk neki, tengah dalu rawuh hipun, hudan nangin ributa, sakweh kayu watu gunung pada rubuh, gentuh batu habalabar, dar saking luhur wukir.
274. Gunung Renjani kularat, miwah gunung samalas rak-rak, balabur watu gumuruh, tibeng desa Pamatan, yata kanyut bale halang parubuh, kurambangning sagara, wong ngipun halong kang mati.
275. Pitung dina lami nira, gentuh hiku hangebeki pretiwi, hing leneng hadampar, hanerus maring batu Dendeng kang

nganyut, wong ngipun kabeh hing paliya, saweneh mungga hing ngukir.

276. Hing jaringo hasingidan, samiya ngungsi salon darak angaji, hakupul hana hing riku, weneh ngungsi samuliya, boroh bander papunda lawan pasulun, sarowok pili lan ranggiya, sambalun pajang lan sapit.
277. Yeh nango lan pelameran, batu banda jejangkah tanah neki, duri hanare menyan batu, saher kalawan balas, batu lawang batu rentang batu cangku, samalih tiba hing tengah, brang bantuan gennira ngungsi.
278. Hana ring pundung buwak bakang, tana' gadang lembak babidas hiki, saweneh hana halarut, hing bumi kembang kekrang, pangadangan lawan puka hatin lugguh, saweneh kalah kang tiba, mara hing langko pijanggih.
279. Warnanen kang munggend palowan, sami larut lowan ratu hing nguni, hasangidan ya riku, hing Lombok goku medah, genep pitung dina punang gentuh, nulih hangumah desa, hing preneha siji-siji.
280. Hing Lombok hakarya kuta, desa hagung prenah hira Sang Ngaji, hana sireng karang Mumbul, prenah karya Sang Nata, hadipati hing Karang Bungbang gennipun, pangulu hing tumbuh lalang, papatih hing Kembang Kuning.
281. Raksa sireng harang mela, punang bandar hawumah hing pasisi, demang kalawan Sang Prabu, harang Lombok gennira, wus hakarya bale lan karaton hagung, sula lulurung marapat, wus ketah punang nagari.
282. Desa Brangbantuan kocapa, sampun kukuh kang kutane hanginggil, kidemung Ngabehi hing riku dadi mangku nagara, miwah haneng samuliya lawan pasulut, putra Dipati Manggala, dadi muter ring nagari.
283. Miwah kang nging kembang karang, Pangadangan kalawan suka tahun, ponggawa hana hing riku, dadi

mangku nagara, nanging salonda lan Bua, Kateng hiku, dipati hikang ngangreka, dadi mangku hing nagari.

284. Wenten kangatibeng Bayan, hatmajane susunan Majapahit, hakarya nagara luhung, nenggeh hing desa Bayan, lan pajanggih Lombok hajin Sang Prabu, hakrame putri pamatan, dadi prabu nyakra wati.
285. Hamuter ring bumi Sasak, Sokong Bayan Kuripan lan Pajanggih', halurah hamung sang Prabu, Lombok kang amangkurat, saban tahun teka hanombe Sang Prabu, hakarya kuta semana, lan karahos seribupati.
286. Negareng Lombok kang lampah, palamumbahara ketah hasuka sugih, panganggo panganan wibuh, mas ringgit picis wurah, muang sakadi kebo sampi, jaran wedus, ayam bebek danga pakatah, buron hulam hakeh sami.
287. Wus langgawe wiya sanggah, humah dewa hing kayangneki, lan hanggawe samping bukur, mara hing brang bagonggah, lan hanggawe panggungang di tirta Mumbul, pernah hing Dewa Batara, duk lagia hagama kapid.
288. Henangakena saksana, polahira prabu Lombok hamukti, wenten gentining kawuwus, hing nagara hing tengah, polah dadi demung Brangbantun, hamarentah kadang warga, habeciking hanas lari.
289. Lanang gawe kubon sawah, miwah gedang hanandur sakulining, pari baleleng lan jagung, kapas haren kapala, suruh jambe samiya dadi sadayeku, hangingoni kadi warga, hambuburu kena ya neki.
290. Pun Demung Brangbantun lunga, habuburu mara hing gung rawi, hakeh hantukniya buburu, babi krah manjangan, nuliya mulat manjangan nuliya malayu, barangga Brangbantun sigrah, hanyemeti kuda haglis.
291. Manjangan melayu ngerap, malah tekeng den buwang merep den nukih, katutuhan punang payu, sireng lendang

- sabintang, dan winumbak manjangan hanulih lampus, sigrah patih Lombok teka, hangabuti manayung hiki.
292. Ki Path Lombok sruh ngucap, lah kulehe Ki Demung waniya ngelimpeti buburu hing payar ringsung, mangke sira sun warah, pun watese sunge panganggi payarmu, Ki Demung Bantun tumedak, saking kuta hanahuri.
293. Lah Gusti Patih kawula, kamiyarsa watese payar mami, tekeng palor kedu, hujar wang tuwaning Hyang mangke Patih sira bisa ngaku haku, hing sun wruh sistanira, harsa hatadah lan mami.
294. Sira Patih sruh hangucap, lah habener sawure Demung ngiku, duh meh sira nora hanut, maring parentah raja, Demung Bantun kesel hatine hangrungu, heh Patih sira kantuna, lah kari manira pamit.
295. Nulih mungghah hing turangga, mayung hika pinondong malaywa gelis, wus prapta hing gunung siyup, hing ngaweh rawang ngira, hambakta haburan holih hira wawu, nulih sami pinukulan, kocap wus prapteng negari.
296. Nuliya rame sukan-sukan, pangan nginum sakehing kula wargi, wus den tutur haken wawu, polah hira hatungkas, lan Igusti patih Lombok patut wuwus, dan sakehe hing hamiyarsa, sami merang bunek hati.
297. Wenten gentining kang wahyat, harinira Demung Brangbantun kari, lanang tur wasising ngelmu, bagus hanom digjaya, hakarya desane panepin Karang Mumbul, kantune dening wanodiya, hayu hanom rabineki.
298. Putri nipun rangga Bungbang, namanipun nenggih Lala saroni, tan sipi hayu kalangkung, landep tekapen tunggal, lan Saroni pan lagi panganten wahu, nalan Ki Demang sadubaya, harine Brangbantun huni.
299. Wenten gentining carita, Sri Bupati Lombok tatkala mijil, hing ngiring wadiya jalu, kalawan wadiya kaniya, pan Sang

Prabu lanang istri mintar hasrui, hing ngiring mbala-
mbalan, gong baris tandak hangiring

300. Tan kawarna duking marga, sampun prapta hing Mumbul
Sri Bupati, lanang ngistri hanak putu, malebeng jeroning
dewa, habebanten nunas waras lan rahayu, sawusira
hangebaktiya, hangatur bebanten sami.
301. Demang Sadubaya nembah, hatur tohan ring ratu lanang
istri, hinampan datan santun, hing ratu istri lanang, nulih
lungguh heneng hiringaneng Sang Prabu, Ni Saroni
warnanira, hanelahi kadi sasih.
302. Sakehing gawa Sang Nata, hing kang lewih hayu lan rarab
neki, rawuh Ni Saroni wawu, teka surem kalingan, dining
cahya Ni Saroni lintang murub, katon denira Sang Nata,
tumulih katawan brangti.
303. Yuta mantuk Sri Narendra, tanna suwe wus prapteng
dalem puri, hangundangan patih rawuh, tumulih
hatatanya, sapa si wong istri huni teka wawu cahyane
murub lir surya, hangungkuli garwa mami.
304. Dan Patih matura nembah, lah puniku panganten nanyar
singgih, Ki Demang sadubayaku, hing kang nganduwe
krama, putri nipun Rangga Bungbang rare hiku, haran
Lala saroniya, kang ngayu murub hing nguni.
305. Sang Nata ngehes hangandika, hedan temen ningsun
mring Saroni, yen nora katemu hengsun, pasti hing sun
palatra, mangke paran nira hage ngapus, darepon hena
dennira, Ni Saroni rabi mami.
306. Sang Prabu haken hangundang, kang panguluni sampun
prapti, yata tinutur, hayeku den Sang Nata, sawir rira
pangulu mangke humatur, lah tuwan haja mangkana
hanggawe leteh hing bumi.
307. Hujar ringsun lukontara, yen tan Sang Prabu hanut
lampah tan yukti, dadi nagaragung, pan hunining

- petangan, Prabu hiku minangka damar ring ngulun, kapindo minangka sipat, katiga mangku nagari.
308. Pan kapingpat tipun muwah, dadi waja hari wong nagari, teteping wong ratu hiku, mwah kang saprekara, sing ja hadil palamar haluhung, kapindonipun hasasar, katiga wani hing pati.
309. Kapingpat hipun tan laba, sahunine tan kena howah, kang hanglungsur jinengipun, mangke paduka sira, teka hayun hangamet rabi ningulun, yen kena dika segah, hiku hangrusaka negari.
310. Pangulu hamit mantuka, dan Sang Nata kukup hangrungu warti, den tahe nimanah hipun, nenggih tan kena huga, sayan kontap hayune Saroni wawu, hangandikeng Patih sira, haduh mati hing sun Patih.
311. Sira Patih humatura, hing Nata sira tur bakti, haywa tuwan duka kewuh, hewan tuwan hahedan, kadi kena Saroni jodo tuwanku, mangke hamba hangapusa, mateni Sadubayaki.
312. Ki Patih haken pangarah, wong sadesa pada hamburu benjing, sang Prabu hage hangutus, haswareng Sadubaya, hanggaweya cambra kuda buburu, larangan gembong rinujak, pada hamburu benjing.
313. Demang Sadubaya mojar, lah hatura kawula hing sangaji, yen Sang Prabu linggar besuk, Ki Demang Sadubaya, maring ngalas tatkala buburu besuk, sadaya dayannira, dareponne kena mati.
314. Kocap Demang Sadubaya, sampun wengi hawarteng rabiniki, kinebda wissena sekul, kakang lunga bebedak, winarahing patih ngiring sang Ngawulun, Ni Saroni lon matura, hamekul jaja laki neki.
315. Lah Kakang haywa mintara, wenara betah kawula den tilari, pangrasa hamba tan patut, kadi tuwan den goda, paning nguni kawula hugi wus wruh, hing siptane Sri Narendra, hayun met jodo Sang Ngaji.

316. Demang Sadubaya napda, sarwi nambut rabi den nemban heris, hing ngawadi den rumrum, lah teyayi kakang mangke nahuga wruh, hing swabawane sang Nata, kedanan mring masku yayi.
317. Nanging yen kakang tan lunga, hangiring Sang Nata hamburu benjing, pan kakang wuni wus sanggup, ring patih kang ngawarah, pan tan pantes kadi jeneng kakang maskun, ngowah janji medi yen baya, kawula wedi malesi.
318. Henti mangke welasira, Ni saroni ngrungu wacaneng laki, malah waspane dres metu, Demang haris hangucap, sarwi ngrumrum hanuliya nekaken kayun, Sang Diyah murca lir kantaka, wus miyos sarining.
319., hanerusing jaja miduhur, telas tekeng bunbunan, yata bangun menggah Ki Saroni lungguh, hanambut pucuki rema,
320. Kakang hamba tan betah kari, tan nana bareng halampus, Demang ngaris mangku Diyah, sawawi ngaras pangucape manis harum, rungunen pewekasing wang, haywa maskun welang hati.
321. Hing tembe malih hatemumwa, hing lautan haneng mananga baris, pun kakang nganti hing riku, hangambil hika mirah, pan ning riki hakeh wong ngakwa ya dudu, hirika tembe tannana, hamung Widi hangrawosi.
322. Lega duka ciptanira, Ni saroni ngumgu weksing laki, nalika wus sareng mundur, hadus maring patirtan, nuluh mantuking wisma mangan hanginum. nalika nuliya rahina, sampun lahi Sang Hyang Rawi.
323. Ki Patih nabuh tengeran, nuluh mangkat nakeh wong sanagari, mwah pati sampun, mbakta hasu lah kuda, kang saweneh patih mbakta rajut, wus kinasang menangan, rajute kalawan latih.
324. Dan Sang Nata nuluh linggar, sabala hangering dening mantri, Demang sadubaya sampun, wangsiting grewanira,

weneh rawuh gagar Mayang malayu. tulang lan getih pun kakang, hatibeng yayi ngong mati.

325. Lah tutut kuda hika, haworahi sira hegon....., haja den salin hadus, yayah sodaran nika, sapa yayi minta mayitku hiriku, kubur ngusapi rema, jikir kalawan tangis.
326. mesani watune tegal, mulangin....., nuli lan ndika yayi mantuk, serika yun Sang Nata, nuliya nginanga, sepah istri kakung, tarima tari melat, nuliya ngandika dan lumaris.
327. Ni Saroni hanidra, pada ngaras lakini, tumuliya pamit tumunkuk, dasa baya batra nida, nuluh mangkat hanitih kuda hasruh, lah mapahe tan nuluh mangkat hanitih kuda hasruh, lah mapahe tan nuluh huntat,satunggil.
328. Wus prapta hing purbata, dan kapanggih Sang Nata sampun nganti, lan mantri bala sapangnuh, tegep pan senjata hakeh, harahe sing tingkahe ngepung, hamteni Sadubaya wus dadi raras an hasingit.
329. Dan Patih huduh hing bala, bongga jiruk giburra den gerohi, satibra pakon hanggabur, mangidal pelayuniya, tuju hing nagalogor latih lan rajut, yata bubar punang bala, hunggerohi wana giri.
330. Kipatih rata kanyawar, hing sabintang miwah panggih ragi, hing rebut kagungan hagung, hiku wang mepep gana, punang mantri lan manca muwang Demang Demung, lan para patih punggawa, pada nunggang jaran sami
331. Hasikep talek mamas, dan Sang Nata hanapa sira Patih, Demang Sadubaya kantun, hiriki huga kita, hing larangan gebong gonira, hambuburu; hatur rira Demang Baya, lah sandika Sri Bupati.
332. Demang ngadi Sadubaya, nunggang kuda patih hanom mabecik, hanjing hipun patih halus, siji haran si Getah,

lan panganggoningpun sami putih harum, hawastra petak hangraras, hassabuk puti hangrawit.

333. Hasana lus hapesak, hakulambi lapis tiga haputih, hadastar petak kang ngalus, gawok sakweh kang mulat, hing wernane Sadubaya hadi luhung, galak hamanis prewata, pantese hanyakreng bumi.
334. Sang Nata nitih turungga, hangiring hadi Patih Sang Ngaji, hanyadang larangan gembur, sami hajajar wayang, hakeh medal kebo gamang lawan mayung, hing sabintang Hasasaran, mwah hing Panggili Ragi.
335. Hakeh mantukniya manjangan, sampun liwat Sabintang den gerohi, sakweh pata rata kumpul, hing gembong geniya nyadang, yeta medal manjangan sawiji hagung, hing ngayun satriya hadi Baya, tumulih den buru haglis.
336. Hanyemeti si Gagar Mayang, lan si Getah den nadu hambuburuni, sakweh para patiya mburu, mantri lan Bupati rata, sareng samiya nyameti kuda hamburu, tannana holih mareka, manjangan hagung hanginggal.
337. Satriya Ki Baya ngerap, haken kuda sareng si getah haglis, manjangan mayung katutut, cinokoti Getah, tumungganga hing sigagar Mayang sampun, Demang di Baya hanumbak, mayung punika ngemasi.
338. Sigrah rawuh para patiya, hangrebuti ngarubung nganumnaki, mering Demang Sadubayeku, nalika sampun pejaha, Demang sadubaya mantuking rahmat Hyang Agung, tumuli runtuh hing kuda, pan sampun madening bumi.
339. Tinumbak sakatahing nguntat, terus maring dadane punang kanin, getihe dres mijil mancur, luluti gagar mayang hayun den tinumbak dening kang musuh, si Getah hiku hanglanglang, hangemiti gustineki.
340. Si Gagar Mayang malayuma, maring wisma sapraptane hangikik, hamengakena puniku, kocapa Sri Narendra,

hayun malih hanuweking Demang ngasruh, cinokoti hasu sidang, hanjing tinumbak wus mati.

341. Yata rere Sri Narendra, hangumpuling wadiya bala wus prapti, rame hasenggak gumuyu, lintang suka Sang Nata, dumen hantuk kang ragi mangke wong ngayu yata sami sukan-sukan, hamangan nginum maring riki.
342. Tembang saher kocapa Lala Roni, sapangrungu nira, mulati kuda kang prapti, haniba buliya kantaka.
343. Satangine halara deniya hanangis, panangis Sang Rara, lir kadi pulang kapipit, lir sundari kapawanan.
344. Panangise hasrah kakunge ring Widi, wema gati narima, jiwa raga hamba neda humiring, pari ngandika ta tuwan.
345. Nulih kagiyat rawuh yayah rena neki, mwan ngiring lan kaka, handatengi La saroni, pada milu karuna.
346. Saroni kantaka sakedap tangi, tumuliya lumampah, hanututi kuda haris, tinut dening kadang warga.
347. Sampun prapta hing larangan gembang ngaris, kapanggih kang raka, mayite gumuling siti, Saroni hakir demat.
348. Hangunjungi ngaras padane kang laki, hanuliya kantaka, sareng gumulinging siti, gupuh punang kadang warga.
349. Gagar Mayang hangukiti lemah haglis, handupak hanyopak, hangeduk punang bumi, karsane hanggawe luwang.
350. Punang yayah sodaeane La saroni, hamet daka papan, hamung ngibu lan kakang rahi, hanunggu ni sang kantaka.
351. Tanna suwe kang ngamet kayu wus prapti, titiang sanunggal, Ki Demang kang nganulungi, Gagar Mayang gawe luwang.
352. Sampun dadi luwange lan papan prapti, yata bangun menggah, Lala Saroni hanglilir, hangusapi kakung ngira.

353. Rema panjang den lukar hanutubi, mayite keng raka, tumulih den gara sami, yeh matane nggenniya dusa.
354. Wusiya ngadus tumuliya sira hangis, haduh sang Hyang Tunggal, Tuwan tarima halinggih, atma jiwa laki hamba.
355. Tuwan saksa tuduh hena mering ngabecik, mering duniya haherat, kang mati hamba kang ngurip moga Tuwan raksakna.
356. Temu kena hamba hage lan laki mami, lah ta Tuwan huga, mariksa maring kang becik, kawula hasrah mering Tuwan.
357. Wusiya tutug panedani ring Widi, muliya bangun mungguh, hamung laki repaneki, tumulih binakteng luwang.
358. Den pinendeni nulih dendaka papni, nulih hing ngurugan, kinarya kubur wus dadi, sampun dinokoken mesan.
359. La Saroni malih ngusap kubur haglis, lan puser ring rema, La saroni nangis haris, duh Kakang Mas mirah hing Hyang.
360. Wus katekana lir tutur ndika hing wengi, sawi nggugur toya, lan banyu netra haris, sarwi ngunjungi Ki Demat.
361. Haduh Kakang heling-heling haja pangling, pangubayan hika, kalawan kawula wengi, kemuten sapari polah.
362. Haduh Kakah handika hiki kang mati, lan kawula gesang, wus hamba srah hing Hyang Widi, hamarentah kita Tuwan.
363. Haduh Kakang handika hikang sahid, mareking satulah, tewanen mring Widi, ge hamba panggih lan Tuwan.
364. Haduh Kakang Gagar Mayang hiki, hambilina Tuwan, wenara ne kang hangingoni, Tuwan hanungganga.
365. Haduh Kakang kawula ngaturi wuni, kawula putusan, matura kandikeki, ngandika gen Tuwan ginah.

366. Haduh Kakang kawula hambangun mangkin, takonna ring hana, mara hing Brangbantun mangkin, hanguningeng raka Tuhan.
367. Nulih bangun La Saroni hana linggih, sarwi ngalu rema, hangundangi hikang rabi, harum mijiling wacana.
368. Hadi lanang lah lunga sira hing mangkin, humatur wuninga, hing Demang Bantun den haglis, hing rai ndika wus linah.
369. Tembang durma hing mangke hikang tumandang, Ki Lanang nembah pamit, maring rakanira, tumulih kesah henggal, datan kawama hing marga, mangke wus praпта, tekeng Brangbantun mangkin.
